

BAB I

PURWAKA

A. Larah-larahing Prekawis

Tlatah Indonesia punika wiyar sanget lan sampun dipunpanggeni suku bangsa ingkang kasebar dhateng sedaya pelosok kanthi cara radin. Salah setunggaling tlatah Indonesia punika Kabupaten Pacitan ingkang panggenipun wonten Provinsi Jawa Timur. Kabupaten Pacitan punika wonten 12 Kecamatan, 5 Kelurahan lan 166 Desa. Pedamelan warga masyarakat ingkang kathah inggih punika tani, ananging wonten ugi ingkang damel kerajinan watu akik, nyambut damel wonten pabrik, lan pariwisata. Pacitan punika dipun tepang tlatah sewu gua lan kathah pantainipun. Kabupaten Pacitan ugi anggadhahi ragam budaya ingkang maneka warni lan wonten ingkang dipundadosaken minangka Warisan Budaya Tak Benda (WBTB) dhateng Kementerian Pendidikan lan Kebudayaan RI.

Koentjaraningrat (2009: 16) ngandharaken menawi budaya punika saking tembung budi lan daya, ateges budi punika watak lan daya punika kekiyatan. Dados budaya punika kekiyatan kangge majengaken priyantun supados anggadhahi watak ingkang sae. Pramila kabudayan dipunangen-angen dening manungsa saking ciptanipun saha saking patrapipun manungsa, dados sarana kangge nglampahi pagesangan supados langkung sae.

Kabudayan ugi dados ciri kapribaden manungsa utawi masyarakat ingkang nyengkuyung kabudayan kasebut. Salah setunggaling masyarakat ingkang nyengkuyung kabudayan punika masyarakat Jawi ingkang kondhang babagan kultur sosial budayanipun. Wonten masyarakat tradhisional, anggenipun nyinaoni babagan kabudayan punika saking upacara tradhisi. Upacara tradhisi inggih punika padamelan sosial ingkang dipunlampahi para warga masyarakat kanthi ancas supados sedaya saged slamet rahayu.

Upacara tradhisi utawi upacara tradhisional punika wonten gegayutanipun kaliyan kapitadosan menawi wonten kekiyatan ing sanjawinipun kekiyatan manungsa inggih punika kekiyatan saking Gusti Ingkang Maha Agung. Miturut Marjanto (2010: 140), tembung tradhisi asalipun saking basa latin inggih punika *tradition* ingkang tegesipun dilajengaken. Wonten pangartosan *sederhana*, tradhisi tegesipun minangka punapa ingkang sampun kalampahan dangu lan sampun dados bagian saking pagesangan bebrayan. Dados tradhisi punika pakulintenan ingkang dipunlajengaken saking generasi dhateng generasi ingkang wujudipun seratan utawi lesan. Para warga sesarengan ngawontenaken upacara tradhisi kados punapa ingkang sampun dipun lampahi para leluhur kangge nyenyuwun keslametan desa lan ugi warga masyarakatipun. Upacara tradhisi punika kangge ngraketaken paseduluran lan kangge gotong royong kaliyan warga masyarakat desa saha kangge njagi nilai-nilai moralipun.

Moral punika magepokan kaliyan *akhlak*, budi pakerti, lan piwucalan kasusilan. *Sasaran* saking moral inggih punika *keselarasan* saking patrap manungsa kaliyan aturan-aturan ingkang babagan patrap manungsa punika (Salam, 2000: 9). Nilai moral punika penting tumraping manungsa, saged minangka titah *pribadi*, titahing Gusti, utawi titah sosial. Moral punika ajaran utawi prinsip dhasar babagan nilai ingkang sae lan nilai ingkang awon saking patrap ingkang sampun dipun lampahan wonten pagesangan manungsa dhateng sakiwa tengenipun. ajaran moral punika ngandharaken punapa ingkang kedahipun lan ingkang saenipun dipun lampahi dhateng manungsa. Moral punika ngandhut makna babagan harkat lan martabat manungsa minangka makhlukipun Gusti.

Wonten masyarakat Jawi mliginipun masyarakat desa Sekar kecamatan Donorojo kabupaten Pacitan, salah setunggalipun cara kangge njagi nilai-nilai moral inggih punika nglestantunaken warisan saking leluhur. Nilai wonten salebeting tradhisi punika anggadhahi fungsi minangka pedoman kangge sedaya tindak-tanduk manungsa wonten pagesangan. Nilai wonten tradhisi punika bab ingkang paling inggil, kadosta norma hukum, hukum adat, aturan adat, aturan tata krama, lan sanesipun.

Warisan ingkang dugi samangke tasih dipun lestantunaken, salah setunggalipun inggih punika upacara tradhisi Ceprotan. Upacara kasebut tasih dipun lampahi ngantos samangke, amargi masyarakat desa Sekar tasih pitados lan taksih ningali mupangat ingkang sae saking upacara

tradhisi Ceprotan punika. Ananging mboten sekedik tiyang mliginipun tiyang enem ingkang sampun mboten pitados kaliyan warisan leluhur kasebut. Tiyang enem punika namung ningali lampahing upacara kasebut kangge hiburan mawon, ananging mboten mangertosi tegesipun lan nilai moralipun.

Tradhisi Ceprotan tasih kaanggep keramat tumrapipun masyarakat lan asring dipun wastani upacara bersih desa utawi sedekah bumi. Upacara punika kalaksanan sewarsa sepindhah wonten wulan Dzulqaidah dinten senin kliwon. Menawi wonten wulan punika mboten wonten dinten senin kliwon, lajeng upacara tradhisi dipunlampahi wonten dinten minggu kliwon. Tiyang Jawi pitados menawi wulan Dzulqaidah punika kaanggep minangka wulan ingkang keramat, pramila mboten sekedik tiyang Jawi utamanipun masyarakat desa ingkag tasih kathah nglampahi upacara tradhisi utawi upacara slametan. Bab punika dipunlampahi amargi kapitadosan dhateng roh-roh leluhur ingkang njagi desa kasebut, kadosta wonten wit-witan ageng, wonten perempatan margi lan sanesipun.

Masyarakat desa Sekar kecamatan Donorojo kabupaten Pacitan punika senadyan sampun nampi kapercayan Islam, ananging tasih njagi sanget utawi nglentantunaken tradhisi saking leluhuripun. Masyarakat tasih nglampahi ritual-ritual tradhisi kados nglampahi upacara slametan, mbesmi menyan, damel sajen kangge dinten-dinten ingkang kaanggep keramat.

Masyarakat desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan punika tasih anggadhahi kapitadosan babagan wontenipun bab ingkang nguwaosi masyarakat lan alami puniki. Masyarakat pitados menawi kekiyatan ingkang gadhah kuwaos sedayanipun punika ingkang kasebut “Inkang Mbau Reksa” (ingkang nguwaosi alam donya). Istilah punika dipun pitadosi menawi sedayanipun bab ingkang nyukani lan ngatur pangesanganipun, saha ingkang gadhah kuwaos wonten dhiri manungsa lan kaanggep minangka kekiyatan ingkang ngajrihaken.

Masyarakat desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan kathah ingkang tasih pitados kaliyan wontenipun roh-roh leluhur ing desa punika. Masyarakat tesih mitadosi menawi roh leluhur punika wonten ingkang nyukani bab ingkang sae lan wonten ingkang nyukani bab ingkang ala. Supados masyarakat ngraos aman, tentrem, lan tebih kaliyan roh-roh ingkang ala, pramila masyarakat nglampahi upacara ritual lan nyukani sajen. Upacara tradhisi desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan punika nggadhahi ancas minangka raos syukur dhumateng “Inkang Mbau Reksa” ingkang sampun nyukani kawilujengan lan katentreman wonten gesang masyarakat.

Adhedasar larah-larahing prekawis punika, panaliti badhe nganalisis nilai moral saking upacara tradhisi ceprotan kasebut. Panaliti punika naliti upacara tradhisi Ceprotan amargi badhe mangertosi punapa mawon nilai moral wonten salebeting upacara tradhisi Ceprotan. Panaliti lajeng damel irah-irahan “Nilai Moral Wonten Salebeting Upacara

Tradhisi Ceprotan Ing Desa Sekar Kecamatan Donorojo Kabupaten Pacitan". Panaliti anggadhahi pangajab supados masyarakat desa Sekar punika mboten namung ningali lampahing upacara tradhisi Ceprotan minangka hiburan, ananging ugi mangertosi nilai moralipun ingkang kakandhut wonten salebeting upacara tradhisi. Lajeng kangge tiyang enem punika supados mangertosi nilai moral saking upacara tradhisi warisan leluhuripun lan saged dados tuladha wonten pagesanganpun. Panaliten punika ugi nggadhahi pangajab supados masarakat saged nglestantunaken punapa ingkang sampun dados tradhisi wonten desanipun, supados enget kaliyan para leluhur lan tansah anggadhahi raos syukur dhumateng Gusti Inggang Maha Agung. Satemah tradhisi punika mboten ical lan mboten kegantos tradhisi saking manca.

B. Thinthinganing Prekawis

Saking larah-larahing prekawis ingkang sampun dipunandharaken wonten inggil punika, pramila saged dipunpanggihi thinthinganing prekawis. Wonten panaliten punika wonten prekawis ingkang kedah dipunrembag inggih punika :

1. Sejarah tradhisi Ceprotan desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan.
2. Paraga ingkang nglampahi upacara tradhisi Ceprotan desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan.

3. Ubarampe ingkang dipunbetahaken wonten upacara tradhisi Ceprotan desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan.
4. Tatacara upacara tradhisi Ceprotan desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan.
5. Nilai moral ingkang kakandhut wonten salebeting upacara tradhisi Ceprotan ing desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan.
6. Jalaran ingkang katampi masyarakat desa Sekar menawi upacara tradhisi Ceprotan mboten kalampahan.

C. Watesaning Prekawis

Adhehasar thinthinganing prekawis ing inggil, prekawis ingkang badhe dipun analisis wonten panaliten punika kedah dipun watesi supados panaliten gamblang, kados ing ngandhap punika :

1. Paraga ingkang nglampahi upacara tradhisi Ceprotan desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan.
2. Ubarampe ingkang dipunbetahaken wonten upacara tradhisi Ceprotan desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan.
3. Kados pundi tatacara upacara tradhisi Ceprotan desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan.
4. Nilai moral ingkang kakandhut wonten salebeting upacara tradhisi Ceprotan ing desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan.

D. Underaning Prekawis

Adhedhasar saking watesing prekawising inggil, pramila prekawis ingkang badhe dipun analisis inggih punika :

1. Sinten mawon paraga ingkang nglampahi upacara tradhisi Ceprotan desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan?
2. Punapa mawon ubarampe ingkang dipunbetahaken wonten upacara tradhisi Ceprotan desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan?
3. Kados pundi tatacara upacara tradhisi Ceprotan desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan?
4. Kados pundi nilai moral ingkang kakandhut wonten salebeting upacara tradhisi Ceprotan ing desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan?

E. Ancasing Panaliten

Ancasing panaliten wonten analisis nilai moral upacara tradhisi Ceprotan inggih punika:

1. Supados saged mangertosi paraga ingkang nglampahi upacara tradhisi Ceprotan desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan.
2. Supados saged mangertosi ubarampe ingkang dipunbetahaken wonten upacara tradhisi Ceprotan desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan.
3. Supados saged mangertosi tatacara upacara tradhisi Ceprotan ing desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan.

4. Supados mangertosi nilai moral punapa mawon ingkang kakandhut ing salebeting upacara tradhisi Ceprotan ing desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan.

F. Mupangating Panaliten

Mupangat ingkang saged dipun pendhet saking panaliten punika wonten kalih, inggih punika mupangat teoritis lan mupangat praktis. Mupangat punika badhe dipun andharaken ing ngandhap, kadosta:

1. Mupangat Teoritis

- a. Saged nambah wawasan babagan salah setunggaling tradhisi Jawi ing Indonesia ingkang fesih kajagi ngantos samangke mliginipun upacara tradhisi Ceprotan.
- b. Supados panaliten punika nambah wawasan babagan nilai moral, mliginipun nilai moral salebeting upacara tradhisi Ceprotan ing desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan.

2. Mupangat Praktis

Saking kasil panaliten punika supados saged damel bahan pamaosan dhateng pabrayan, ugi satemah pabrayan punika saged mangertosi salah setunggaling tradhisi jawi mliginipun tradhisi Ceprotan wonten desa Sekar kecamatan Donorojo kabupaten Pacitan.

G. Tatacara Panyeratan

BAB I Purwaka punikababagan larah-larahing prekawis, thingthinganing prekawis, watesing prekawis, rumusaning prekawis, ancasing panaliten, mupangating panaliten, lan tatacara panyeratan.

BAB II Landesan Teori punika babagan landhesan teori, panaliten ingkang jumbuh, lan cengkoronganing pamikir.

BAB III Metodologi Panaliten punika babagan jinising panaliten, metode panaliten, papan lan wekdal panaliten, dhata lan sumber dhata, caranipun ngempalaken dhata, caranipun ngesahaken dhata, lan caranipun nganalisis dhata.

BAB IV Asiling Panaliten punika antawisipun babagan deskripsi dhata, pirembaran, lan temuan panaliten.

BAB V Panutup punika antawisipun babagan dudutan, implikasi, lan saran.

Kapustakan punika antawisipun babagan buku, artikel, utawi skripsi tiyang sanes kangge rujukan panaliten.

Lampiran punika babagan dhata narasumber, wawanrembag, surat idin panaliten, surat penugasan saking pembimbing I lan II, saha gambar wonten salebeting upacara tradhisi.